



An nou gade tou sa nou akonpli ak sa nou pral akonpli

Chè fanmi ak estaf,

Li difisil pou nou kwè ke nou fini yon lòt ane lekòl! Sa se toujou yon moman enpòtan pou fè yon poz epi reflechi; epi nou fè yon kantite pwogrè.

Jis semèn sa a, nou te anonse [NYC Solves](#), inisyativ nou an pou reimajine fason yo anseye matematik, nou pral mete li an aplikasyon nan 93 lekòl presegondè nan uit distri ak nan 420 lekòl segondè otòn sa a. Nou te anonse tou nou fèk kreye [Divizyon Aprantisaj Enklizif ak Aksesib](#) (Division of Inclusive and Accessible Learning, DIAL), ki pral sipòte elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann nan plizyè lang anba lidèchip Chanselye Adjwen Christina Foti.

Anons sa yo chita sou [pwogrè ki fèt pandan tout yon ane](#), kòmanse avèk [NYC Reads](#). Pandan ane lekòl 2023-2024 la, literacy te nan mitan tout sa n ap fè. Nou te lanse kourikoulòm ki baze sou prèv, sou syans lekti, nan lekòl primè nan prèske mwatye nan distri nou yo ak atravè plis pase 90% pòtfolyo timoun debitan nou yo. Mwen kontan dèske inisyativ lekti nou an pral aktif nan tout lekòl primè ak nan salklas pou timoun debitan nan otòn sa a.

Nou fè anpil pwogrè enpòtan nan [travay sou pakou karyè ak kolèj nou an](#). Depi kòmansman administrasyon sa a, elèv nou yo touche 8.2 milyon dola atravè eksperyans travay peye nan pi gwo konpayi tankou Northwell Health ak Google. Ane sa a, atravè pwogram FutureReadyNYC nou an, nou te kòmanse prepare plis pase 10.000 elèv pou karyè nan biznis, teknoloji, edikasyon, ak swen sante, epi pou premye fwa, chak elèv segondè te resevwa lèt SUNY ak CUNY ki konfime gen yon plas pou yo nan inivèsite yo.

Men, reyalizasyon yo pa fini la. Nou tou te:

- Wè pou premye fwa depi 8 ane kantite timoun k ap enskri nan lekòl nou yo ogmante, ansanm avèk yon ogmantasyon 12% nan konpetans matematik ak yon ogmantasyon 3% nan ELA, ki depase rès eta a.
- Fè antou 487 enstalasyon pòt ki fèmen plis ansekirite avèk Safer Access.
- Anonse ouvèti [nèf nouvo lekòl](#) septanm sa a, ki gen ladan Motion Picture Tech High School nan Queens ak Bard High School Early College nan Brooklyn.
- Lanse premye [Jounen Aksyon Klima](#) nou yo epi ogmante konpostaj bò twotwa pou vin kounye a nan 100% lekòl K-12 nou yo.
- Agrandi [Project PIVOT](#) nan 257 lekòl.
- Elaji pwogram espesyalize pou elèv ki gen andikap pou ajoute plis pase 1.000 plas, epi kreye plis pase 800 plas edikasyon espesyal Pre-K.
- Chanje lokal pou plis pase 7.000 plas pou tibebe, timoun piti, 3K ak Pre-K pwogram pou debitan atravè senk borough yo pou satisfè bezwen fanmi yo.
- Kontinye elaji seri [Hidden Voices](#) nou an pou ekspozè elèv yo nan divès pèspektiv ki reprezante nan vil nou an, pibliye Hidden Voices sou dyaspora Afriken Mondyal la epi anonse plan pou kreye Hidden Voices sou kominote Mizilman ak jwif Ameriken.
- Ofri plas pou plis pase 110.000 elèv pou pwogram [Summer Rising](#) nou an, k ap kòmanse 2 jiyè.
- Akeyi apeprè 40.000 elèv imigran nan lekòl nou yo avèk bra ouvri.

Lè m reflechi sou ane lekòl sa a, mwen rekonesan anpil anvè pwofesè, lidè lekòl, ak estaf nou yo— angajman ou ak travay di ou rive fè pa gen parèy. Ou te jwe yon wòl enpòtan nan tout sa nou akonpli yo, san nou pa mansyone yon pakèt lòt reyalizasyon enpòtan atravè 1600 lekòl nou yo, soti nan anseye yon timoun Kindergarten pou li premye fraz li, rive nan gide yon elèv segondè pou gen diplòm li.

Pou fanmi nou yo: Mèsi pou patenerya ou ak poutèt ou chwazi lekòl Leta Vil Nouyòk pou pitit ou yo. Nou remèsye ou pou konfyans ou mete nan nou.

Mwen rekonesan tou pou asosyasyon paran ak asosyasyon pwofesè-paran nou yo, ekip lidèchip lekòl yo, konsèy edikasyon kominotè ak vil la, lekòl Tit I ak komite konsèy paran distri yo, komite pou règleman edikasyon, ak tout lidè paran ak kominote nou yo. Tanpri konnen jan mwen apresye tan ak efò anplis ou dedye pou sèvi kominote lekòl nou yo.

Ansanm, nou tout bati bon demaraj pou yon avni briyan pou elèv nou yo. Mwen espere ou pase yon ete trankil. Mwen deja ap tann pou mwa septanm lan—Ou poko wè anyen!

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou a.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).